Ассаламу гІалайкум!

# ЦІумадисезул гъаракь

(Голос Цумады)

2025 соналъул 11 июль Рузман № 29 (7899) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багъа 8 гъурущ 12+

ЦІУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

**Барки**

## 13 июлалда Россиялда кІодо гъабула почтаялъул къо

### ХІурматиял почалъул хІалтІухъаби ва ветераналъ!

Баркула нужеда тІаде щолеб профессионалияб байрам-Россиялъул почтаялъул къо!

Жиб гІуцІаралдаса почта кидаго букІана коммуникациялъул кІвар бугеб ва бигъаяб алат. Нужер мухІканаб ва низамалда билълъунеб хІалтІуда бараб буго гъоркьоб къотІигъечІого гІадамазухъе газетал, пенсияби, пособияби ва социалияб къайи щвезаби.

Жакъа почалъул хъулухъалъ тІурала чІахІиял масъалаби, гІемераб хІалтІи гъабулеб буго логистикаялъул автоматизация гъабиялъе, жидерго сервисалъул платформаби гІуцІиялъе, электронияб индустриялде гъорлъе лъугьине.

Бокьун буго нужее хІалтІулъ бугеб нужер жавабчилъиялъухъ ва рекІелцІайиялъухъ баркала кьезе.

Гъарула нужее киназего щулияб сахлъи, икъбал, хІалтІулъ лъикІал хІасилал ва паракъалъи.

**Шамил ГІумаров,** районалъул бетІер

**Лъимал - нилъер букІинесеб**

## Лъималазул гІакълу-лъай борхи-букІинеселъулъ бергьенлъи




Араб анкьалъ Агъвали тІобитІана районалъул школлъималазда гьоркьоб жинца шахматазде рокьи бугел гІемерал школлъимал ракІарараб шахматал хІаялъул турнир. Гьелъ ракІарана, абухъего, цогидазде дандеккун галиялъ цебе пикру гъабизе тІамизеги ва церечІарал масъалабазде щвалде щвараб кІвар кьезе лъалелги, гІакълу-лъай борхи-букІинеселъулъ бергьенлъи букІин бичІчІулелги цІалдохъаби.

Турниралъул гІуцІарухъанлъун вукІана нилъер ракьцояв, медицинаялъул гІелмабазул доктор, Россиялъул халкъазда гьоркьосеб гьудулъиялъул университеталъул доцент, травматолог-ортопед МухІамад ГІабдулхабиров. Гьес кьураб предложениялъул рахъ ккуна районцояз ва анцІила кІиго школалдаса (ГьигьалъгІурухъ, Гьигьалъ, Гьадири, ТІадгъаквари, Гъоркьгъаквари, ТІинди, ТІиссиахикь, ТІисси, Хуштада, Лъондода, КІванада ва Агъвали росабазул школал) лъабкъоялда анцІгоялдасанги цІикІкІарав цІалдохъанас гІахьаллъи гъабуна гьениб. Абизе ккола, тадбиралъул гІуцІалилаб комитеталъ жидеда тІадкъараб иш ракІбацІцІадго тІубазабунин. Къецазул букІана лъабго номинация: бищун гьитІинал, 1-4, 4-8 ва 9-11 классазул цІалдохъабазда гьоркьоб.

-ЦохІо турнир тІобитІи гуро дие кІвар бугеб суал букІараб,-ян абуна турнир рагьулаго МухІамад ГІабдулхабировас. -КІвар букІана щибаб лъимералда жиндир захІмат къиматаб букІин бичІчІизе хІаракат бахъи. Шахматал кколаро гІадатияб хІай. Шахматаз малъула кІиго галиялъ цебехун ургъизе, гІакълу-лъай борхизе ва дандиясул хІурмат гъабизе, таманаб мехалъ гІодо виччан, сабруялда вукІине.

Гьадинал тадбираз кьола лъималазе цІияб лъай гуребги, жиндирго юажариялда божиги, ракІчІейги. Баркала жидерго лъималазда тІадчІун, гьезул бажарилъаялде кІвар кьолел умумузе.

3

**Росабазе цІилъаби**

## Гъабизе хІалтІи гІемераб буго, амма...

МухІамад ГІисаев районалда цІияв чи гуро. ХІалтІана гьев райадминистрациялъул гІолилазул ишазулгун туризмалъул отделалъул нухмалъулевлъун, Гьадири ва Эчеда росабалъ школалъул директорлъун, ахирал соназ нухмалъи гъабулеб буго Эчеда росдал администрациялъе. Кинаб хъулухъалде ккаги хІасил бачине мех щванин, гьитІинабго хІисабкьей букІине ккелин абулаго. Гьанже гьеб гІадатги хвезе тараб къагІида буго, цебе щибаб рузманкъоялъ росабалъе щун, жамагІаталда цебе росдал бетІерасул хІисабкьей букІунаан районалъул нухмалъиги гІахьаллъун. Гьелъ ресги кьолаан гІадамазе жидерго суалал районалде хьвадичІого, бакІалдаго рорхизе. Божи буго гьеб гІадаталде кІвар кьелин районалъул нухмалъиялъ ва гьединал пайдаял дандчІваязде жеги тІадруссинин абун.



ЦеберагІи халалъана, гъоркьехун бахъилин жиндирго хІалтІул хІакъалъулъ МухІамадил баян.

-ТІоцебесеб иргаялда, баркала кьела дирго росуцоязе, дида божилъи гъабурал ва, щиб суалгун дун цеве вахъаниги, дир рахъ ккун, къараб зар гІадин, цадахъ рахъун чІолел администрациялде гъорлъе унел росабазул гІолохъабазе. ЖамагІаталъул газа кьурдаги рекІулин абулелъул, гьел гьечІони, гьечІо дир хІалтІиги, хІалтІул хІасилги.

Байбихьила ГІумарасхІаб Насибовасул минаялъуб хІебтІун бугеб КДЦялдаса. Гьелъие ремонт гъабизе ккелин абун дун щвана ДРялъул культураялъул министерствоялде. Росдал администрациялъул яги районалъул культураялъул управлениялъул балансалда бугеб кІиго рукъгІаги букІани, документалги ругеб, капиталияб ремонт гъабизе рагІи кьуна хІакимзабаз.

ГодекІаниб бугеб эркенаб гугариялъул ругъунлъаби тІоритІулеб рукъ, гъоркьияб тІалаялда ясал цІализе мадрасаги бугеб, гьелъул хважаин, мунагъал чураяв МухІамадрасулил вас МухІамадица вакъфу гъабун букІана росдае. Гьенибги, хІажатаб къайи-къоноги босун, росдал гІолохъабаз къватІисанги жанисанги капиталияб ремонт гъабуна.

Гьединго Эчеда росулъ футбол хІалеб площадка базе жиндирго ракь кьуна Нуридинил МухІамадил вас МухІамадица ва Гъазиясул вас Ильясица.

Футбол хІалеб майдангун цадахъ гьенибго базе хІисабалде босун букІана волейбол хІалеб майдан ва рекерулеб нух.

3

ниги, МухІамадица тІоцебесеб иргаялда кІвар кьола жиндирго коллективалъул ва жинца нухмалъи гъабулеб идараялъул кІвар бугел суалазде, гьезие хІалтІулъ шартІал чІезариялде. ГьитІинго захІматалде куцарав, хІалтІулъ лъадарарав МухІамадида лъикІ бичІчІула бакІалъ чи гурев, чияс бакІ берцин гъабулеблъи. ГІумрудул ахІилъун ккураб гьеб абиялъеги хилиплъичІо, жакъаги гьелда рекъон хІалтІулев вуго росдал социалиябгун экономикияб рахъ цебетІезабиялда тІад, тІоцебесеб иргаялда росдал жамагІаталъул гІарзалгІузраби тІуразе нигатгун. Гьелин абуни, аслияб куцалда, магІарухъ киназего гІаммал ругин абуниги мекъи ккеларо: транспорт ва гІадамал хьвадиялъе хІинкъи гьечІел нухал, гьоркьосан къотІи гьечІеб токгун бухьен ва лъималъул суал. ФАПалъул, школалъулгун лъималазул ахалъул суалалги гьенирего ккеларищха, гьелъул нухмалъулел рукІаниги, жавабияв бегавул кколелъул. Цевеги вахъун МухІамадица киданиги живго жинцаго веццуларо, гьеб рахъалъ цІакъ намусав чи вуго гьев. Амма гьаригьунккун ани, рикІкІаде щолин абураб калам гьев гІадиназда абураб батилинги ккола. Рихьдае гурев, ракІбацІцІадго, Аллагьасе гІоло нигатги гъабун, халкъалъул мурадал тІуразе хІалтІула гьев.

КІиго лъагІел ана дир МухІамадида хІалтІул дагъабни-

**Даимлъи**

# «Прогресс» заводалъе къучI лъурал ракIалде щвезаруна

Гьяз къояз Агъвали культураялъул КIалгIаялъул минаялъул цебесеб рахъалда лъуна жамгIиял хIаракатчагIи 1974-1989 соназ Дагъистаналдаса СССРалъул Верховный Советалъул депутатлъун ва 1974-I987 соназ СССРалъул радиопромышленносталъул министрлъун вукIарав Петр Степанович Плещаков ва Агъвали «Прогресс» заводалъе гIемерал соназ нухмалъи гьабурав ХIасан НурмухIамадович Абакаров ракIалде щвеялъе мемориалиял хъарщал.



Гьеб сабаблъун тIобитIараб рохалилаб дандчIваялде рачIун рукIана Астрахань шагьаралъул «Прогресс» заводалъул вукIарав генералияв директор Виктор Александрович Харченко, жамгIияв хIаракатчи РУДНалъул мединститутальул доцент, врач-травматолог МухIамад ГIабдулхабиров, ХIасан Абакаровасул хъизан-лъимал, гьудул-гьалмагъзаби, творческияб интеллигенция ва районалъул учреждениябазулгун организациябазул нухмалъулел.

Дагъистаналъул мугIрузул районазда промышленниял предприятияби рагьизе кIудияб кумек гьабуна Верховный Советалъул депутат хIисабалда Петр Степанович Плещаковас. Гьесул баракатаб хIалтIудалъун гIага-шагарго микьнусго чиясе хIалтIи щвана гьел соназ нильер районалъул гIолилазе Астраханалъул машинаби гьарулеб «Прогресс» заводалъул Агъвали букIараб филиалалда,-ян абуна районалъул депутатазул Собраниялъул председатель МухIамад НурмухIамадовас.

Петр Плещаковасул ва ХIасан Абакаровасул хIакъалъулъ жиндирго ракIалдещвеязул бицун кIалъазе вахъана гIемерал соназ районалъе нухмалъи гьабурав АсхIаб ГIабдуразакъов.



-Дагъистаналъул политехникияб институт лъугIун хадуб гьенивго хIалтIулев вукIарав ХIасан Абакаров партиялъул Болъихъ райкомалъул гьариялда рекъон вачIана Болъихъ рагьараб Астраханалъул машинаби гьарулеб «Прогресс» заводалъул филиалалъул дандбалеб цехалъул нухмалъулевлъун хIалтIизе. Гьенив хIалтIулаго загьирлъана гьесул бажари ва махщел. Гьебги бихьун, тIамуна гьев гьебго заводалъул Агъвали балеб филиалалъул директорлъун. ГIемераб хIалтIи гьабуна гьес районалъе: гIуцIана микьнусгоялде гIагарун чиясе хIалтIулаб бакI, рана хIалтIухъабазе рукъзал, Хуштада рохьоб 160 лъималъе бакI бугеб лагерь, райцентралда спортивияб комплекс, Агъвали росулъе бачана Гьадирисан гьекъолеб лъим, гIуцIана Гьигьалъ-ГIурухъ кумекалъулаб магIишат. Къокъабго заманалда жаниб гIемерал пайдаял ишал гьаруна ХIасан Абакаровас районалда,-ян абуна АсхIаб ГIабдуразакъовас.



ХIасан Абакаровасул гIумрудул бицун кIалъазе рахъана журналист ГIабдурахIман МухIамадов, Виктор Харченко, райадминистрациялъул архивалъул отделалъул нухмалъулей ХIалимат АхIмадова, жамгIияв хIаракатчи, Шодродаса Салман ХIасбулаев, районалъул ветеранazул Советалъул председатель МухIамад ХIанапов.

Тадбир гIуцIаралъухъ жидер хъизан-лъималазул рахъалъан баркала загьир гьабуна инсул хIакъалъулъ ракIалдещвеязул бицун кIалъазе яхъарай ХIасан Абакаровасул яс Мадина Абакаровалъ.

Дандеълъиялъул ахиралда баркалаялъулаб кIалъай гьабуна тадбиралъул жигарчи, тIоцебе гьеб иш байбихьарав Москваялдаса врач МухIамад ГIабдулхабировас.



**ХIалимат АхIмадова**

**Юбилей**



14 июлалда гIумрудул 70 сон тIубала Коратов МухIамадил.

«ЦIумадисезул гьаракьалъ» ва гьудул-гьалмагъзабаз баркулеб буго МухIамадида юбилей ва гьарулеб буго гьесие щулияб сахлъи, рохел, хъизан-лъималаздасан вохун хутIи, шагIирлъиялде росарал галабазулъ магIна гьваридал, цIалараз асар гьабулел шигIраби хъвазе пасихIлъи ва къалмил бегIерлъи,

## Яуза бульваралда

Москва шагьаралъул Яуза бульвар
Гьелъул бакъулъ бараб Расулие си.
Мармар-гьецIоялъул тахбакIида чIун
Улкаго чIухIарав дагъистанияв.
ТахбакIида чIарав **шагIирасухье,**
Щвана гьев вихьизе дунги гьоболлъухъ.
Гьесда сверухъ буго тIавап гьабулеб
ГанчIида бикIкIараб къункърабазул тIел.
Гьеб памятник сверун гIурус мацIалда
Меседил хIарпаца рикIкIун хьван руго
Расулил машгъурал хъахIал къункъраби
Ирсилазе тараб шагIирасул кечI.
ГIадатто кIусарав шагIирасулгун,
Накъиталда ана тамана заман.
Ине заман щведал тIадеги вахьун,
РакIалдещвеялъе сурат бахъана.
ЧIухIизе бачIана сиялда шагIир,
ЧIаго вугев гIадин, вихьараб мехалъ.
МугIрузда куцарав, рагIи бегIерав,
Къурул ссирт гIадинан, паркалъул бакъулъ.

## Эркенаб гIумру кье

Дур гьимидухъ урхьун хьахIлъулеб бетIер,
ХьахIлъизе биччаге тIадмагIарулай.
БакьгIадин гвангъараб гьимиги босун,
ЯчIа магIарулай дандчIвай гьабизе.

Гьими кIочон толеб чорхол узданлъи,
Дун асир гьавизе къурабдай дуе.
Асирлъуда вугев эркен гьавизе
ТIаме гали данде гIадан ятани.

ГIаданлъиго чорхоль хутIун батани,
Мунилан холесул гьабе цо пикру.
Берцинлъиялъ дунял эркен гьабулин,
Эркенаб гIумру кье дуца дий гьудул

## Огь замана!

Огь замана, замана, бачIун буго замана.
Тохтурзаби гIемераб, гIузрабиги цIикIкIараб.
МоцIроде чи воржараб, мадугьал кIочон тараб,
Бечелъи гьарзалъараб, ракIалъул рахIат хвараб.

ГIакълу бугел цIикIкIараб, хIал бихьарал дагълъараб,
ЦIаларал гIемерлъараб, гьабулеб жо дагълъараб.
ТIаде - гьоркье унареб, ракI жубазе кIолареб,
Бечелъи цIикIкIанагIан, чи хьарсинлъун лъугьунеб.

РакI ганчIиде свераpаб, гьудул-гьалмагъ лъалареб,
ГIумруялда кинабго гIарцудалъун борцунеб.
ГIаданлъигун яхI - намус меседалъухь бичулеб.
Рукъзал гIатIидал рараб, гIаданлъи учузлъараб.

Учузал гIадамаца тIалъи кодоб босараб.
Алжан, жужахI бикьулел, «гIалимзаби» цIикIкIараб.
Аллагь, дуда гьарула гьаб квешаб заманалда
Мун вокьи цIикIинабун, цIуне квешлъиялдасан.

## ЦIумада

Цумада, дур бицун ракI гIорцIиларо,
ТIабигIат берцинаб мугIрузул район.
Цумаз бусен гIадин, район цIунизе,
Лебалал васалаз дарс къураб район.

Тушманасул хIетIе рекIине течIеб,
Аллагьас кумек кьун, цIунараб район.
ЦIумазул улкаян кибго рагIараб,
МагIарул ракьалда машгьураб район.

Цумаз бусен гIадин, росаби рарал,
Улбузул махщелал тIагIинчIеб район.
ХьвачIел законазул Конституция,
БацIцIадго цIуниялъ цIар араб район.

Нужер гьунаразул, гIаданлъиялъул,
ГIасрабаз хьвазеги жо камиларо.
ЦохIо ХIабибица тIолабго дунял,
Цумилан ахIизе тIами гIеларищ?

Росабазе цIилъаби

# Гьабизе хIалтIи гIемераб буго, амма...

1

Проекталда бихьизабухъе гьеб кIиябго бакI базе бакI гIечIолъиялъ, гьел рачIого хутIана. Гьеб баялъе тIадеги гIарцулал сурсатал риччана райадминистрациялъги. Баркала Маирбегил МухIамадие «Дагъагростроялъул» нухмалъулевлъун хIалтIулеб мехалъ гьеб базе квербакъарав ва проекталъул рахъ ккурав спорталъул министр Сажид Сажидовасе.

«Шагьаралъул санагIатал шартIал» программаялда рекъон, бетIергьабазухъа ракьги босун, рекъонккolел документалги гьарун, дагьаб цебегIан цIан гIатIидги гьабун, тIадеги харжалги гьарун, щулалъиялъул къедги бан, бана годекIаниб хIухьбахъиялъе парк. Баркала парк гIатIид гьабиялъе ракьал кьурал Набигулагьил Закуние, Расулил МухIамадие ва Ибрагьим СагIитбеговасегун Сурхайил васазе.

Эчеда медпунктальe «зеленкаги» гьабун дирго ракь кьуна дица. Минздравалъул вакилзабиги рачIун, акт гьабуна жанир рукIине хIинкъи цIикIкIараб хIалалда букIиналъ ФАПалъе мина базе. Исана базе байбихьилин рагIи кьун букIанаха, балагьила щиб колебали. Гьеб рагьани, росдал гIадамазе рес щвела медицинаялъул тIоцебесеб хIажалъиялъул хехаб кумек росульго щвезе. Хъвайнисезе гьединаб рес щвана 2022 соналъго. Чара гьечIого хIажатаб букIана гьениб медпункт базе. Гьебго «Дагагростроялъулгун» гьабураб къотIи-къаялда ва федералияб программаялда рекъон бана гьениб медпукт, ва, цебеккун абухъе, хIалтIизе биччана. Хъвайни медпункт базе ракь кьурал Давуд МалламухIамадовасегун Шамил ХIадисовасе баркала кьун свакалел гьечIо росуцоял. Гьединго «зеленкаби» гьаруна кIиябго росдал мажгитазе ва Эчеда росдал администрациялъе минаялъе.

2022 соналъ бачараб лъел мухъалъул гуч гIолеб гьечIин баккана хъвайнисезул гIарз. Гьеб суал роцIцIинабизе тIадеги 25мм. диаметралъул анлънусго метра трубабазул ва гьединго анлънусго метралъул трос босун битIана гьенибе. Хъвайнихъундасезул лъел рахъалъ гIарз гьечIо. Эчеда росулъ гьеб суал роцIцIинабизе босун гIодоб лъун буго 300 метра марщазул ва кватIичIого щвезе буго лъималъе чирмакъалиги. Капиталияб ремонт гьабизе буго магIарда иццул кIалтIаги, рахъ-рахъазде лъим бикьиялъул суал рукIкIалиде кколеб хIалалъ. Канализациялъул суал тIубазе босун буго 100 мм. диаметралъул 600 метра марщуялъул. Гьанже бачIине батила гIолохъаби регIараб цо къо, гвайги гьабун, гьелде тIаделъараб, гурони гьелъиеги цогидал хIалтIабазеги бюджеталда гIарац гьечIо.

ГIандигIоралда тIасан лъураб Хъвайниколоде унеб маххул кваразул лъелаб къо ун букIана чвахун рарал цIадазул хIасилалда. ХIажатаб тIагIел-алатги босун, росдал гIолохъабазул кумекалдалъун, боцIи ва гIадамал хьвадиялъе хIинкъи гьечIеб хIалалда гьебги цIидасан бана.

Нухазул фондалдаллъул гIарацги харж гьабун, щулалъиялъул къед бана Хъвайни росулъе жанире рачIунеб нухда. Школа базесеб площадкаялде щвезегIан Давудов МухIамазагьидица цIияб нух бахъана. Гьениб базе буго байбихьул школалъе цIияб мина. Гьелъиеги хIажатал документал гьарун руго. Баркала нухалъе ракь кьурав Алмасханиегун ХанмухIамадие.

Токалъул рахъ босани, 70-80 проценталъ лъикI бугин абизе бегьула. Эчеда росдада гьоркь бугеб подстанциялъ хIебтIун руго Ункъракьалъул росаби. Гьелъие ракь кьуралъухъ 1998 соналъ Дагэнергоялъулгун районалъул подстанциялъул хIалтIухъабаз росдал жамагIаталъе рагIи кьун букIана эчедисезе батIаго токалъул мухъ (ЛЭП) бачине. Амма пайда щибха, къалмица кагътиде босун, нугIзаз гъулбасичIеб кIалзул калам делоялда букъизе кIоларелъул, гьаб лъебергоялде гIунтIун соналъ иш бицаде хутIана, «зеленка» гьечIолъиялда бан, ракь ижараялъе кьуралъухъ гIарацги щвечIо. Абухъего, добго хурив довго Муса. Цебе Силди унел рукIараб сухьмахъунхуда лъурал хIубал нахъраталиеги тун, шагьранухдасан бачана цIияб мухъ. Цо лъабго-ункъо хIуби буго жеги хисизе кколеб. 100 вольталъул трансформатор хисун лъуна Хъвайни. Хъвайни- кьодухъ лъуна рубильникги. Районалъул подстанциялъул кумекалдалъун гьаруна росдал гIолохъабаз гьенир токалъул хIубал лъеялъул ва квар бачиналъул хIалтIаби.

Газалъул рахъалъги абила цо-кIиго рагIи. Росулъе газ чаналиго соналъ цебего бачараб бугин абун хъварал кагъталги гьарурал документалги дагьал гьечIо хIакимзабазул. Гьанже гьединги бугелъул, «жидерго рагIиги ритIухъ гьабун», исанагIаги хьахIилаб цIатари росулъеги щвезе кколин абун векерахьдулев вуго Даггазалъул хIакимзабазухъе. РагIи кьун бугоха гьеб бачине. Балагьун чIелин хIасил щибдай ккелаян.

Цо-кIиго рагIи абила мажгиталъул рахъалъги. Киса-кибего тIалаб гьабулеб документ «зеленкаги» бугелъул, росдал мадрасаялъе ва мажгиталъеги гьел гьаруна. Мадраса базе ракь кьуна МухIамад Бадрудиновас.

Дица тIадехун рехсарал гIузрабазул рахъалъ районалъул бетIерасдаса байбихьун дун щвечIеб министерство республикаялда хутIун батиларо. Дидаго кколаха, халкъалъул божилъи дагьабниги дица ритIухъ гьабулеб батилин. Дагьабниги абиялъе гIилла ккола гьабизе хIалтIи жеги гIемераб букIин, ва амма пайда щибха...

**Хадижат Залимханова**

Лъимал - нилъер букIинесеб

# Лъималазул гIакълу-лъай борхи-букIинеселъулъ бергьенлъи

1

Исана тIоцебесеб нухалъ тIобитIараб шахматазул турниралда хIурматиял гьалбалъун рукIана гIемерал соназ районалъе нухмалъи гьабурав АсхIаб ГIабдуразакъов, Пачалихъияб Думаялъул депутат Джамалудин ХIасановасул кумекчи Рамзес ГIабдулхаликъов, районалъул жамгIиял хIаракатчагIи.



Гьез баркала загьир гьабуна рикIкIада вукIаниги, ракI мугIрузда кидаго бугев МухIамад ГIабдулхабировасе сонайил гьес тIоритIулел тадбиразухъ, районалде ва гьелъул халкъалде кьолеб кIваралъухъ, ва бищунго гьадинал тадбираз интеллектуалияб цебетIей бугеб, церечIарал масъалаби тIуразе хIаракат бахъулеб гIел куцаялъе квербакъулин.

Рамзес ГIабдулхаликъовас жиндирго кIалъаялда баркала загьир гьабуна турниралъул гIуцIарухъабазе ракIгъураб, лъимал ургьизе тIамулеб тадбир тIобитIаралъухъ. Абуна шахматал кколин киналгIаги цогидал хIаязде дандеккун инсанасул лъай цебетIеялъе квербакъулеб хIайлъун. Гьединго Рамзесица рищиялил хIухьбахъиялъул кьадисел лагерал рагьарал Агъвали, Гьигьалъ, Гьоркьгъакъвари, ТIинди, ТIисси ва КIванада росабазул школазе Пачалихъияб Думаялъул депутат Джамалудин ХIасановасул рахъалъан кьуна сайгъатал, ва тIадеги жубана жеги-жеги цIалул церехъабазеги рукIине ругин депутатасул рахъалъан сайгъаталилан.



Агъвали гимназиялъул директор Муслим ВахIидовас турниралъул гIуцIарухъабазе баркала загьир гьабураб кIалъаялда кIвар буссинабуна лъималазул гIакълу ва пикру цIубазе шахматазул бугеб кIваралъул.

-Щибаб соналъ цо-цо раIалдещвеялъул тадбирал тIоритIун, районалъул тарих лъазе гьарулел тадбиразухъ ракI-ракIалъулаб баркала МухIамад ГIабдулхабировасе ТIасиялаб соналъ цоги тадбиралда гIахьаллъизегIан, лъагIелалъ бищуна цIалдохъабаз ГIабдулхабировасул тадбиралда гIахьаллъиялъул ва щварал сайгъатазул хIакъалъулъ. МухIамад ккола унго-унгояв патриот, жив вижараб росу-ракь хирияв инсан, гIемераб жоялъе нильеца мисал босизе бегьулев районцояв.

Гьединго гимназиялъул коллективалъул ва цIалдохъабазул рахъалдаса нижее гьабулеб спонсорлъиялъулаб кумекалъухъ баркала кьезе бокьун буго Джамалудин ХIасановасе.

Баркала гьалгуниял цIалдохъабазе байрам гIуцIаралъухъ ва рохел гIахьал гьабуралъухъ,-ян абуна Муслим ВахIидовас.

Турнир ана гIахьаллъарал разияб байрамалъулаб ахIвал-хIалалда. Призалъулаб букIана щуго бакI. ТIоцебесеб бакI щвараз 5000 гъурущгун рекъонкколел даражабазул медалалгун дипломал ва васасе тIагъралгун ясазе кIазал рукIана сайгъаталъул. КIиабилеб бакI ккуразе -3000 гъурущ, лъабабилеб бакI ккуразе 2000 гъурущ гIарцул ва рекъон ккол даражаялъул дипломал. 4 ва 5 бакIал ккуразе сайгъат гьаруна шахматал. Киналго гIахьалчагIазе кьуна щивасе щунусго гъурущ. Бищун гьитIинал шахматисталлъун ккана Агъвалиса ГIалимухIамадова Асият ва Гьигьалъа ХIабибов МухIаммад, гьезиги кьуна щунус-нус гъурущ.

1-4 классазул васазда гьоркьор чемпионаллъун ва призераллъун рахъана: Агъвалиса ХIамзатхIажиев МухIаммад (1 бакI), Гьигьалъа ГIабдулбасиров Амир (2 бакI), ТIиссиса ХIажиев Гьазу (3 бакI), Гьигьалъа ХIабибов МухIамад (4 бакI) ва Хуштадаса Пубайдулаев Адам (5 бакI).



5-8 классазул лъималазда гьоркьоб чемпионаллъун ва призераллъун рахъана Агъвалиса АхIмад ГьазимухIамадов (1 бакI), ТIиссиса Гьазу ХIажиев (2 бакI), Агъвалиса ИсмагIил ГIисаев (3 бакI) ва Ислам Залимханов (4 бакI).

9-11 классазул васазда гьоркьоб 1 бакI ккуна Агъвалиса МухIамад ГьазимухIамадовас, 2 бакI щвана Агъвалиса АхIмаднаби ГIисаевас, 3 бакIалда гIей гьабуна МухIамадрасул АхIмаднабиевас, 4-леб бакIалде ккана Гьоркьгъакъвариса МикагIил ГьазимухIамадов, 5 бакIалде- Хуштадаса ГIабдула ГIабдулаев.

Ясазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI ккуна Агъвалиса ГIайшат ГIабдулбасировалъ, кIиабилеб бакIалде ккана Агъвалиса Ясмина МухIамадова, лъабабилеб бакI щвана Хуштадаса Написат ГIабдулаевалъе, ункъабилеб ва щуабилеб бакIазде ккана Агъвалиса София ХасмухIамадова ва Хадижат ГьазимухIамадова.

**Хадижат Залимханова**

## Выдвижение и регистрация кандидатов

14 сентября 2025 года, в единый день голосования, во всех 23 муниципальных образованиях- сельских поселениях муниципального района состоятся выборы депутатов представительного органа местного само-




управления. Согласно Уставам муниципальных образований сельских поселений и в соответствии с п.2 статьи 18 Закона Республики Дагестан «О муниципальных выборах в Республике Дагестан», в сельских поселениях МР выборы депутатов представительных органов муниципальных образований проводятся по мажоритарной избирательной системе относительного большинства по единому многомандатному избирательному округу.

Для проведения выборов депутатов представительных органов муниципальных образований сельских поселений на территории района образованы 23 единых многомандатных избирательных округа, т.е в границах каждого муниципального образования образован единый многомандатный избирательный округ. В МО «село Агвали», «сельсовет Тиндинский», «сельсовет Гигатлинский», «сельсовет Хуштадинский», «сельсовет Эчединский», «сельсовет Кванадинский», «сельсовет Нижнегакваринский» и «сельсовет Шавинский» образованы единые многомандатные избирательные округа для проведения выборов по 10 депутатов, а в остальных 15 МО - для проведения выборов по 7 депутатов.

Решения представительных органов МО сельских поселений о назначении выборов депутатов представительных органов муниципальных образований поселений района на 14 сентября 2025 года были опубликованы в районной газете «Голос Цумады» от 27 июня 2025 года за №26.

Со дня официального опубликования решения о назначении выборов начинается избирательная кампания.

Выдвижение кандидатов по единым многомандатным избирательным округам может быть осуществлено путем самовыдвижения, а также избирательным объединением.

## ТIолгороссиялъул конкурсалда бергьарай

Дагъаб цебе Омск шагьаралда тIобитIана «ЦIар арал махщалилал- устарзабазул наслаби» абураб ТIолгороссиялъул иргадулаб, микьабилеб конкурс - фестиваль. Омскалъул пачалихъияб университеталъ Россиялъул лъайкьеялъул министерствоялъул квербакъиялдалъун гIуцIараб кIудияб культурияб тадбиралъ данде гьаруна улкаялъул 70 регионалдаса азаралда щунусгоясдасанги цIикIкIун гIолохъанав ва лъабазаралдасаги цIикIкIун хIалбихьи цIикIкIарал мастерал-махщалилал, гьездаго гъорлъ нилъер ракьцояй, Лъондодаса Сафия ГIусмановаги. Фестивалалъ цоги нухалъ бихьизабуна Россиялъул халкъазул культура цIуниялъулъ гьединал тадбиразул бугеб кIвар.




Фестивалалъул гIахьалчагIаз жидерго хIалтIаби рихьизаруна 15 батIияб номинациялда. ГIолохъанал устарзабаз рихьизаруна жидерго проектал, мастер-класcал. Омскалъул шагьаралъул ахикь тIобитIараб выставка-ярмаркаялда шагьаралъул гIадамазе ва гьалбадерие рес щвана фестивалалъул гIахьалчагIазул хIалтIабазе къимат кьезе гуребги, цо-цо авторазул хIалтIаби жидеего росизеги.

Дагъпедуниверситеталъул худграфалда цIалулей йиго Сафия ГIусманова. КIудияб бергьенлъи



босаралдаса 80 сон тIубаялда хурхинабураб тадбиралда гьелъул «Бергьенлъиялъул хъалхъан» абураб Дагъистаналъул бечедаб художествияб ирс бихьизабулеб хIалтIуе «Художественная обработка металла» номинациялда щвана тIоцебесеб бакI. Гьединго фестивалалда гьелъул рукIана «ЦIумадиселъул тIегь», «Хризопразалъул симфония» ва цогидалги хIалтIаби.

Баркула Сафияда бергьенлъи, фестивалалъул жюриялъ кьураб кIудияб къимат. Гьарула цIалульги хадубккунисеб творчествияб гIумруялъульги бергьенлъаби, ракьцояв-ювелир КъурбангIали МухIамадовасул ирс босарай, жеги камилай махщалилайлъун яхъин.

**Хадижат Залимханова**

## Гьадин кидалъизегIан букIине бугеб?

*Хъубаб хIоринисан бацIцIадаб лъим чвахулареб*



Цо рахъалдехун унеб нух букIиналъ гIемер бигьалъи ккана райцентралда машинаби рачине. Гьеб лъикI буго, амма цIадал ранщинахъе нухда лъугьунел хIорал рихьизехъин гьечIо нухазул участкаялъул хIалтIухъабазда. Бегьуларищ, лъим чIолареб хIалалъ бетон яги асфальт лъун, гьединал бакIал къачIазе.

Лъица гьездаса гьеб хIалтIи тIалаб гьабизе кколеб, ва кидалъизегIан гьедин букIине бугеб?

## ИМЯ БЕДЫ – НАРКОТИК

Все чаще мы слышим слово «наркомания», и это не может не настораживать. Как правило, знакомство с наркотиками происходит из любопытства, стремления все самому испытать, познать новые ощущения. Чаще всего это случается в компании подростков, где есть человек, испытавший ранее действие запретного плода. Знает ли подросток на какой путь становится, предполагает ли о возможностях трагических последствиях?!

Попасть в сети наркотиков может любой. Из года в год увеличивается число лиц, попадающих в зависимость от наркотиков. По данным ВОЗ на каждые 100 000 подростков приходятся 168 ребят, потребляющих наркотики, и 164 – потребляющих токсические вещества. По данным ООН на начало 21 века количество потребителей наркотиков в мире составляло 180 миллионов человек (4,2% населения Земли в возрасте старше 15 лет). Каждая пятая семья, по утверждениям специалистов, уже столкнулась с последствиями наркомании. А если учесть, что наркомания – это источник цепной реакции, то вокруг каждого наркомана собирается еще 5-6 подростков. Что же такое наркотики на самом деле, и какое зло они таят в себе?

Наркотики – это химические вещества растительного или синтетического происхождения, способные вызвать изменение психического состояния, систематическое применение которых приводит к зависимости. Слово «наркотик» происходит от греческого слова «нарке», что означает «сон». Все виды наркотиков влияют на рассудок и поведение человека.

Наркомания – заболевание, характеризующееся зависимостью от наркотического средства или психотропного вещества. Наркомания ведет не только к смерти от болезней или передозировки, но и к убийствам, распространению преступности.

Еще одна особенность наркотиков: к ним можно пристраститься, но очень сложно отказаться, даже если человек хочет этого сам.

Наркоман за год «знакомит» с наркотиками пятьшесть человек. Почему? Потому что так можно заработать на очередную дозу и его нисколько не волнует ваша судьба и проблемы, и то, что рано или поздно вы окажетесь на его месте, и будете также искать способы найти деньги на то, без чего будет немыслимо ваше существование.

Немало великих и талантливых людей стало наркоманами, но нет на свете такого наркомана, который стал бы великим человеком.

Взрослым и мудрым людям, которые ценят себя, стремятся к достижению поставленных целей, не нужны наркотики.

Как разорвать паутину?

Если вы подозреваете, что ваш ребенок употребляет наркотики, не делайте вид, что ничего не случилось, обратитесь к специалисту-наркологу. В данной ситуации вам сможет помочь только профессионал. Вместе вы сможете обдумать, как убедить ребенка прийти на прием. Консультации нарколога для подростка всегда анонимны и бесплатны, без постановки на учет, сообщения в милицию или по месту учебы вашего ребенка, или вашей работы.

Отношение к наркотикам должно быть однозначным и категоричным: им просто нет места в вашей жизни, в жизни ваших родных и близких!

**Арип Магомедкеримов**

**БетIерав редактор**
**Малачдибиров**
**ГIубайдула СагIадулаевич**
**8 (87273) 2-52-44**

**Жавабияй секретарь**
**Залимханова Хадижат**
**МухIамадовна**

**Техникияй редактор**
**МухIамадова Батул**
**МухIамадовна**

**Редакциялъул**
**(издателасул) адрес: 368900**
**Дагъистан Республика,**
**ЦIумада район, Кьенгьара росу,**
**Заводалъул къватI, 4**

**«ЦIумадисезул гьаракь»**
**газета гIуцIарал:**
**Дагъистан Республикаялъул**
**«ЦIумада район» муниципалияб**
**районалъул администрация**
**(ОГРН 1020500562697)**

**Газета къватIибе биччана**
**«Издательский дом «Дагестан»**
**ГАУялъул типографиялда.**

**Адрес: 367018,**
**МахIачхъала шагьар,**
**Насрудиновасул проспект, 1 «А»**
**Тираж - 925**
**Газеталъул индекс:**
**51377 (бащдаб лъагIалие)**
**63302 (лъагIалие)**

**Адрес электронной почты**
**GoIostsumady@maII.ru**

**Макъалабазда рехсарал**
**хIужабазул, тарихазул бальголъи**
**гъорлъ бугел ва цогидалги**
**баяназул жаваб авторас кьола.**

**Газета зарегистрирована**
**Управлением Роскомнадзора**
**по Республике Дагестан.**
**ПИ №ТУ 05-00434**
**от 15 июля 2019 г.**